

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku para panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana kayaning angkét, wawancara, obsérvasi, téés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 1998 kc. 89). Ku lantaran ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif anu nganalisis ajén éstétika dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana, ku kituna méthode panalungtikan nu digunakeun nyaéta méthode déskriptif analitis. Éta hal saluyu jeung pamadegan Burton (dina Universitas Pendidikan Indonesia, 2013, kc. 28), yén panalungtikan kualitatif téh ilaharna ngagunakeun méthode deskriptif saperti obsérvasi, wawancara, jeung studi kasus pikeun ngagambarkeun paripolah tibatan ngagunakeun data nu bisa dianalisis sacara statistik.

Ku ieu méthode, panalungtik miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun rupa-rupa ajén éstétika nu nyampak dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana. Saacan éta data-data dideskripsikeun leuwih tiheula dilakukeun analisis anu nyosok jero kana data anu kacangking.

#### **3.2. Data jeung Sumber Data**

Sumber data nyaéta asal ti mana éta data dicangking. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sacara umum sumber data téh kabagi jadi tilu, nyaéta manusa, tempat, jeung kertas (dokumén). Dumasar kana pamadegan Arikunto di luhur sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kertas (dokumén) tegesna mah kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana.

Kumpulan guguritan dina éta buku téh ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dandanggula). Guguritan anu ngagunakeun aturan pupuh Kinanti téh aya 5 judul, Sinom aya 9 judul, Asmarandana aya 5 judul, Dandanggula mah panglobana aya 17 judul guguritan. Nilik kana aturan pupuh anu digunakeun, loba rumpaka guguritan anu wangun jeung eusina téh sarua, ku kituna dianalisis téh henteu kabéhanana, tapi 12 (tina unggal pupuh dicokot 3 judul).

### 3.3. Téhnik jeung Instrumén Panalungtikan

#### 3.3.1. Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta telaah pustaka. Telaah pustaka dilakukeun ku cara nalaah buku-buku jeung literatur-literatur séjén nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Utamana tiori-tiori ngeunaan ajén éstétika.

#### 3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis déskriptif. Ieu téhnik tujuanna pikeun néangan jeung nangtukeun ajén éstétika pikeun ngadéskripsikeun unsur éstétis nu aya dina guguritan, nepi ka bisa dipikanyaho unsur éstétis naon waé nu aya dina kumpulan guguritan “Lagu Ngajadi” karya Dian Hendrayana.

Dina ieu panalungtikan, nu dianalisis nyaéta unsur éstétis nu aya dina guguritan (aturan pupuh, gaya basa, unsur eusi, purwakanti, jeung pedotan), dina unsur eusi nu dianalisis téh aya 4, nyaéta téma, nada, rasa, jeung amanat, kalayan ngagunakeun tiori nu geus ditangtukeun. Hasil analisis ieu data dipiharep bisa ngaréngsékeun masalah nu diajukeun.

#### 3.3.2 Instrumén Panalungtikan


Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Tujuan ngagunakeun kartu data sangkan data nu kapanggih tina téks nu salaku sumber data bisa gampang di wilah-wilahna.

**Tabél 3.1**  
**Conto Kartu Data**

Kode	Unsur éstétis	Ukuran ajén éstétis		
		H	NI	FS
1	2	3	4	5

Dina kolom ka-1, ditulis kode rumpaka guguritan nu ditalungtik. Conto kodena kieu: K1 keur judul guguritan kahiji anu ngagunakeun aturan pupuh Kinanti. Kolom ka-2 mah keur nuliskeun unsur éstétis dina guguritan nyaéta aturan pupuh, gaya basa, unsur eusi (tema, nada, rasa, amanat), purwakanti, jeung pedotan. Tuluy kolom 3-5 nyaéta ukuran ajén éstétis. Ukuran ajén éstétis téh *harmoni* (H), *nature & ingenium* (NI), jeung fungsi sastra (FS). Lamun nyumponan sarat éstétis, ditulis tanda céntang ( ) dina kolomna.

### 3.5 Déskripsi Buku Kumpulan Guguritan *Lagu Ngajadi*



Gambar 3.1

Buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* mangrupa buku kumpulan guguritan Dian Hendrayana nu medal munggaran. Ieu buku diterbitkeun ku Rawayan bulan Januari 2014 nu kandelna 66 kaca, tur ukuranna 19 cm jeung 14 cm. Dina ilustrasi jilid ieu buku aya hiji karakter nu ku panalungtik katingali mah saperti tokoh larva (kartun asal Korea Selatan) nu ngaluarkeun cimata dina waktu caang

Yaman Al Fashli, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA KUMPULAN GUGURITAN LAGU NGAJADI KARYA DIAN HENDRAYANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN GUGURITAN DI SMA KELAS X**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bulan. Éta ilustrasi téh dijieun ku Deni Ahmad Fajar taun 2013. Jilid ieu buku didominasi ku warna bodas tur warna tulisanna ngagunakeun warna hideung kombinasi héjo. Buku kumpulan guguritan hasil karancangéan Dian Hendrayana téh dilélér hadiah Sastra Rancagé taun 2015.

Dina kaca v nepi ka kaca xv, aya panganteur ti Etti R.S. Tuluy dina kaca xvii aya daptar eusi, dina daptar eusi téh aya judu-judul guguritan jeung kacana.

Ieu di handap diwincik judul-judul guguritan oge nomer kaca nu aya dina buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana:

### **Kinanti**

Kinanti Ngajadi kaca 2

Ngitung Umur kaca 4

Kinanti Mulang kaca 5

Kinanti Impian kaca 6

Ka Landeuh Engkang Ngalangkung kaca 7

### **Asmarandana**

Asmarandana Nganti kaca 10

Handapeun Girimis kaca 11

Kunaon Bet Aya Seuri kaca 12

Malati Kembang Nu Kuring kaca 13

Nganti Nu Teu Baé Sumping kaca 14

### **Sinom**

Di Dinya di Wanayasa kaca 16

Handapeun Langit Darangdan kaca 17

Halimun di Bungbulang kaca 18

Karéta Panganggeusan kaca 21

Sinom Kamelang kaca 23

Sinom Sekaring Tembang kaca 24

Ka Soréang Geuning Ringrang kaca 26

Pegat Asih kaca 27

### **Dangdanggula**

Kukupu Mayung kaca 34

Bingbang kaca 36  
 Ringrang kaca 38  
 Katumbiri kaca 39  
 Bulan Saha kaca 41  
 Tepung Deui kaca 43  
 Bibilasan kaca 45  
 Impian Ringrang kaca 47  
 Ka Sumedang Naha Melang kaca 49  
 Meuntas Cukang Susukan Tonggoh kaca 50  
 Ka Ditu ka Gunung Halu kaca 51  
 Meuntas Wahangan Cianting kaca 52  
 Nyungsi Siliwangi kaca 54  
 Ka Mana Nyimpaikeun Tresna kaca 56  
 Gupay Pileuleuyan kaca 58  
 Péngkolan Paduriatan kaca 60  
 Ka Cianjur Natar Cianjuran kaca 62

Kumpulan guguritan dina éta buku téh ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dandanggula). Guguritan anu ngagunakeun aturan pupuh Kinanti téh aya 5 judul, Sinom aya 9 judul, Asmarandana aya 5 judul, jeung Dandanggula mah panglobana aya 17 judul guguritan. Nilik kana aturan pupuh anu digunakeun, loba rumpaka guguritan anu wangun jeung eusina téh sarua, ku kituna dianalisis téh henteu kabéhanana, tapi 12 (tina unggal pupuh dicokot 3 judul), dipilihan anu saluyu pikeun bahan ajar budak SMA kelas X.

Dina buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi*, perenahna di sampul tukang ieu buku, aya pangbagéa ti sababaraha inohong, nyaéta ti Ubun Kubarsah salaku budayawan, komposer, ogé pingpinan Dasentra. Tuluy aya pangbagéa ti Teddi AN Muhtadin salaku kritikus sastra ogé akademisi UNPAD. Salajengna pangbagéa ti Nenden Dewi Kania salaku panembang Juara DAMAS 2003. Tuluy aya pangbagéa ti Dr. H. Dingding Haérudin, M.Pd. salaku akademisi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia. Jeung hiji deui

pangbagéa ti Dr. H. Yusuf Wiradiredja, M.Hum, salaku seniman, Juara DAMAS 1984, ogé akademisi STSI. Di bagian handap sampul tukang, perenahna di handapeun pangbagéa para inohong, aya penerbit buku jeung *barcode* buku.